

“Mamangingeun”

Ku: **Hawé Setiawan**

Di Kuningan tepung jeung kecap “*mamangingeun*”. Kapanggihna di salah sahiji warung tahu sisi jalan gedé. Pan ayeuna mah di Kuningan gé réa nu dagang tahu, cara di Sumedang baé, pagilinggisik jeung nu daragang peuyeum ketan. Dina dingding éta warung atra kecap “*mamangingeun*”.

Sanés iklan ieu mah. Terang soténan bubuhan basa Lebaran pareng nganjang ka Kuningan. Kawantu geus lila nganjrek di Bandung, sajongjongan kalah kerung. Ari “*mamangingeun*” naon hartina? Kecap Sunda atawa Cirebon? Boa basa wewengkon?

Cék panyangka, “*mamangingeun*” mah lain kecap Sunda, tur lain kecap Cirebon, jeung biheung kaasup basa wewengkon di lingkungan basa Sunda. Ieu mah bangun nu ngawenku kabéhanana: nya Sunda, nya Cirebon, nya jadi ciri mandiri basa urang dinya.

Asalna mah moal boa kecap “*maning*”. Kabeneran, boga kolot kungsi cicing di pakaléran Subang, deukeut Pamanukan. Di dinya mah remen ngadéngé kecap “*maning*”. Dina basa Cirebon kecap “*maning*” téh saharti jeung kecap “*deui*” dina basa Sunda. Cék Ahmad Subhanuddin Alwy, balad ti Cirebon, dina basa Cirebon mah asa teu pati ilahar aya rarangkén “*-eun*”. Ari dina basa Sunda éta rarangkén pohara dipikawanohna.

Nilik kana wangunna, kecap “*mamangingeun*” tayohna sapamaksudan jeung kecap “*deudeuieun*”. Kaci sigana mun “*mamangingeun*” disebut kecap Cirebon nu maké struktur Sunda, tur tétéla di Kuningan mah aya. Mun cék légégna mah, kecap hibrida.

Enya atawa henteuna mah urang sérénkeun baé ka para ahli basa, babakuna nu weruh kana bubuk leutikna kabudayaan Tatar Sunda beulah wétan. Pan Kuningan téh, dina kawijakan pangwangunan kiwari, sok disadapurankeun jeung Cirebon, Indramayu katut Majaléngka. Paribasa “*Ciayumajakuning*”.

Saheulaanan mah urang mikiran situasi nu jadi kasang hirupna éta kecap modél kitu. Ongkoh sok kataji ku perkara kalungguhan katut peran basa indung urang Sunda ayeuna.

Geura urang tengetan: éta kecap téh nyampak di pasar, dina pagaliwotana patali marga. Nu mopulérkeunana tétéla nu dagang, nyaéta nu boga lalakon dina kapitalisme, boh leutik boh

gedé. Katara deuih ciri mandiri alam kultural nu mikawanohna. Ari situasina asa deukeut-deukeut kana situasi informal, dina harti situasi nu milu ngawarnaan campur gaul sapopoé.

Jadi, lebah dinya, paling copélna aya tilu perkara nu katémbongna bisa mangaruhan hirup-huripna basa: lingkungan katut infrastruktur pasar, peran sudagar, jeung campur gaulna jalma réa. Mun téa mah kaci néori, moal boa hiji basa bisa lugina mun saluyu jeung kapentingan atawa jampé pamaké nu raket kana éta perkara nu tilu.

Remen urang ngeunteung kana kaayaan basa Sunda ayeuna. Ku pangrasa, kalungguhan jeung peran basa Sunda ayeuna deukeut pisan kana kalungguhan jeung peran basa campur gaul (*bahasa pergaulan*). Mémang geus aya tarékah pulitik pikeun ngangkat deui darajat basa Sunda sangkan jadi basa dines (*bahasa resmi*), malah geus aya deuih tarékah akademis sangkan basa Sunda jadi basa paélmuan (*bahasa ilmiah*), tapi galagat dominan tepi ka poé ieu masih némbongkeun yén basa Sunda téh leuwih deukeut kana kalungguhan katut peran basa campur gaul.

Kaayaan basa Sunda kawas kitu téh saéstuna luyu jeung kaayaan budaya Sunda umumna jaman ayeuna. Lebah dieu, bet ras ka implengan budaya Raymond Williams najan konsép ti manéhna mah tumali kana kaayaan di Inggris jaman Révolusi Industri. Williams nyawang budaya numutkeun tilu katégori: budaya dominan “*dominant culture*” (nu pangutamana mangaruhan balaréa), budaya residual “*residual culture*” (nu geus teu dominan, tapi aya kénéh di kieuna) katut budaya anyar “*emerging culture*” (nu keur sumedeng nguniang). Tah, budaya Sunda ayeuna, kaasup di puseur-puseur dayeuh Tatar Sunda, katémbongna deukeut-deukeut ka budaya residual.

Teng kapikir, boa rupaning tarékah enggoning ngangkat deui darajat basa Sunda téh aya alusna dua pangadéknana mun kujang téa mah.

Saperkara, tarékahna téh antarana ngayakeun intrusi ka lingkungan budaya dominan. Upamana baé, cara nu dipaju ku produsen télépon sélulér di hiji mol anyar di Bandung. Dina salah sahiji réklameuna, éta produsén télépon sélulér téh uar-uar kieu: “Hapéna hadé pisan, facebook ogé tiasa”. Kawas kitu sugan conto tarékah leutik enggoning napelkeun élémén budaya residual ka lingkungan budaya dominan, najan dina kasus ieu mah leuwih deukeut ka kaparigel budaya dominan pikeun ngahudang karep budaya residual.

Kadua perakara, tarékahna téh antarana ngayakeun intrusi ka lingkungan budaya anyar. Contona mah barudak ngora nu nyieun grup ‘Punklung’ (macana: pang lung) di Bandung. Maranéhna nyieun rupaning lalaguan Sunda dina pirigan calung kalawan diadumaniskeun

jeung subkultur *punk*. Dangdananna gé jauh ti iket atawa sarung, ka buuk-buuk miyuni Indian. Kilang kitu, galeuh-galeuhna mah teu wudu aya sari-sari Sunda.

Bisa jadi salila ieu karep ngaluginakeun deui basa Sunda téh deukeut teuing kana sikep konservatif, dina harti tungkul teuing ka nu mémang geus kari résidu. Nu keur dominan tur nu keur nguniang ukur dipikahariwang, teu ditingali minangka lolongkrang.

Puguh waé, muka lawang ka nu dominan jeung ka nu nguniang baris aya balukarna, babakuna winangun budaya hibrida. Kumaha deui atuh, da puguh rupaning élémén budaya ti ditu ti dieu jul jol ka lembur urang, tur tanwandé baris milu mangaruhan cara hirup urang. Ari geus gumulung jeung rupaning élémén budaya ti ditu ti deui mah, piraku sугan basa katut budaya Sunda téh teu matak *mamaningeun*.

Hawé Setiawan

Pangurus Pusat Studi Sunda (PSS)

9/29/2009 11:27:00 PM

9/29/2009 11:27:00 PM